

# Vaksen Rotavirus

## Sa Ou Bezwen Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib an Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

### 1 Poukisa pou mwen vaksinen?

Rotavirus se yon viris ki bay dyare, sitou lakay tibebe ak jèn timoun. Dyare a ka grav, epi li ka mennen nan dezidratasyon. Vomisman ak lafyèv egalman pi komen lakay tibebe yo ki gen rotavirus.

Anvan vaksen rotavirus la, maladi rotavirus te yon pwoblèm sante grav pou timoun yo nan Etazini. Prèske tout timoun nan Etazini te gen yon enfeksyon rotavirus anvan 5<sup>èm</sup> anivèsè yo.

Chak ane anvan vaksen an te vin disponib:

- plis pase 400,000 jèn timoun te oblije ale lakay yon doktè pou maladi rotavirus te koze,
- plis pase 200,000 te oblije ale nan sal dijans,
- 55,000 jiska 70,000 te oblije ospitalize, epi
- 20 sou 60 te mouri.

Depi entwodiksyon vaksen rotavirus ospitalizasyon ak vizit ijans pou rotavirus te diminye anpil.

### 2 Vaksen Rotavirus

Gen de (2) mak nan vaksen rotavirus ki disponib. Pitit ou ap resevwa swa 2 oswa 3 dòz, selon ki vaksen yo ba li.

Men dòz ki rekòmande nan laj sa yo:

- Premye Dòz: laj 2 mwa
- Dezyèm Dòz: laj 4 mwa
- Twazyèm Dòz: laj 6 mwa (si sa nesèsè)

Pitit ou dwe pran premye dòz vaksen rotavirus la anvan laj 15 semèn, epi dènye a nan laj 8 mwa. Yo ka bay vaksen rotavirus la san pwoblèm anmenmtan avèk lòt vaksen yo.

Preske tout tibebe yo ki pran vaksen rotavirus pral pwoteje kont dyare grav akòz rotavirus. Epi pifò nan tibebe sa yo pap gen dyare rotavirus ditou.

Vaksen an pap anpeche dyare oswa vomisman ke lòt jèm yo koze.

Yon lòt viris ki rele porcine circovirus (sikoviris-pòsin) (oswa yon pati ladan) ou ka jwenn li nan toulède vaksen rotavirus yo. Sa se pa yon viris ki afekte moun, epi pa gen okenn risk sekirite ki koni. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale nan <http://wayback.archive-it.org/7993/20170406124518/https://www.fda.gov/BiologicsBloodVaccines/Vaccines/ApprovedProducts/ucm212140.htm>

Rotavirus VIS – Haitian (02/23/2018)

### 3 Kèk moun pa ta dwe pran vaksen sa a

Si yon tibebe te gen yon reyaksyon alèjik ki menase lavi akòz de yon dòz vaksen rotavirus yo pa ta dwe bay titbebe a yon lòt dòz. Yon tibebe ki gen yon alèji grav nan nenpòt pati nan vaksen rotavirus la pa ta dwe pran vaksen an. *Fè doktè w konnen si ou fè nenpòt alèji grav, tankou yon alèji grav ak lateks.*

Tibebe yo ki gen “defisi iminitè konbine grav” (SCID) pa ta dwe pran vaksen rotavirus.

Tibebe yo ki te genyen yon kalite blokaj nan entesten ki rele “entisepsyon” pa ta dwe pran vaksen rotavirus.

Tibebe yo ki lejèman malad ka pran vaksen an. Tibebe yo ki malad nan fason modere oswa grav ta dwe rete tann jiskaske yo refè. Sa a gen ladan tibebe yo ki pa gen gwo dyare oswa dyare grav oswa vomisman.

Verifye avèk doktè ou si sistèm iminitè ti bebe w la fèb akòz de:

- VIH/SIDA oswa yon lòt maladi ki afekte sistèm defans lan
- tretman avèk medikaman tankou estewoyid
- kansè, oswa tretman pou kansè avèk radyografi oswa medikaman

### 4 Risk pou gen reyaksyon nan yon vaksen

Avèk yon vaksen, menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans pou pasyan an gen efè segondè. Anjeneral, efè segondè sa yo piti epi yo ale poukont yo. Li posib pou gen efè segondè ki grav tou, men yo ra anpil.

Pifò tibebe ki pran vaksen rotavirus pa gen okenn pwoblèm avèk li. Men yo te asosye sèten pwoblèm avèk vaksen rotavirus:

**Ti pwoblèm apre vaksen rotavirus la:**

- Tibebe yo ka vin irite, oswa yo gen yon ti dyare lejè, tanporè oswa vomisman apre yo fin pran yon dòz vaksen rotavirus.



U.S. Department of  
Health and Human Services  
Centers for Disease  
Control and Prevention

**Pwoblèm grav** apre vaksen rotavirus la:

- Entisèpsyon se yon kalite blokaj nan entesten ke yo trete nan yon lopital, epi li ka mande operasyon. Li rive “natirèlman” lakay sèten tibebe chak ane nan Etazini, epi jeneralman pa gen rezon ofisyèl pou li.

Gen yon ti risk tou pou entisèpsyon nan vaksen rotavirus, li rive jeneralman yon semèn apre 1<sup>ye</sup> oswa 2<sup>yèm</sup> dòz vaksen an. Yo estime risk adisyonèl sa ant apeprè 1 nan 20,000 pou rive 1 nan 100,000 lakay timoun pitit Etazini yo ki pran vaksen rotavirus. Doktè w kapab ba ou plis enfòmasyon.

**Pwoblèm ki kapab rive apre nenpòt vaksen:**

- Nenpòt medikaman ka koze yon reyaksyon alèjik grav. Kalite reyaksyon konsa apre yon vaksen ra anpil, yo estime a mwens pase 1 ka sou yon (1) milyon dòz, epi sa ta rive kèk minit oswa kèk èdtan apre moun nan fin pran vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon chans fèb pou yon vaksen koze chòk grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwòle sekirite vaksen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb: [www.cdc.gov/vaccinesafety/](http://www.cdc.gov/vaccinesafety/)

## 5 Kisa kap pase si gen yon pwoblèm grav?

**Kisa mwen ta dwe chèche?**

Pou **entisèpsyon**, siveye siy doulè nan lestomak ansanm avèk gwo kriye. Okòmansman, epizòd sa yo ka dire kèk minit epi fè ale tounen plizyè fwa nan lespas inèdtan. Tibebe yo ka rale janm yo jis rive nan pwatrin yo.

Tibebe w la ka vomi tou plizyè fwa oswa gen san nan pou pou a, oswa yo ka parèt fèb oswa chimerik anpil. Siy sa yo ta rive jeneralman pandan premye semèn apre 1<sup>ye</sup> oswa 2<sup>yèm</sup> dòz vaksen rotavirus, men kontinye siveye siy yo apre vaksen an.

Chèche nenpòt bagay ki konsène ou, tankou siy yon reyaksyon alèjik grav, lafyèv ki fò anpil, oswa chanjman nan konpòtman.

Siy yon **reyaksyon alèjik grav** kapab gen ladanitikè, figi anfle ak gòj anfle, difikilte pou respire, oswa anvi dòmi inabityèl. Siy sa yo ta kòmanse nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan apre ou pran vaksen an.

**Kisa mwen ta dwe fè?**

Si ou panse se yon **entisèpsyon**, rele yon doktè touswit. Si ou pa ka kontakte doktè ou, mennen tibebe w nan lopital. Di yo kilè tibebe w te pran vaksen rotavirus.

Si ou panse se yon **reyaksyon alèjik ki grav** oswa si ou panse se yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa mennen moun lan nan lopital ki pi pre a.

Sinon, rele doktè ou.

Apre sa, ou ta dwe rapòte reyaksyon an nan Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) (Sistèm pou Rapòte Reyaksyon Negatif Vaksen). Doktè ou ta ka fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oswa ou kapab rele nimewo **1-800-822-7967** pou fè sa.

*VAERS pa bay konsèy medikal.*

6

## Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen

National Vaccine Injury Compensation Program (VICP) (Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te ka pran chòk akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo te ka pran chòk nan yon vaksen kapab chèche enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou yo fè yon reklamasyon. Pou fè sa, yo ka rele nimewo **1-800-338-2382**, oswa yo ka ale sou sitwèb VICP nan [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation). Gen yon delè limit pou depoze yon reklamasyon pou konpansasyon.

7

## Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

- Mande doktè ou. Li ka ba ou yon pake vaksen oswa sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la. **1-888-767-4687**
- Kontakte Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi):
  - Rele nimewo **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Ale sou sitwèb CDC nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines)

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè you rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremman an.

## Vaccine Information Statement Rotavirus Vaccine

02/23/2018

Haitian

42 U.S.C. § 300aa-26

Office Use Only



DCH-0577HC

AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Translation provided by the Immunization Action Coalition